



Delaware

Mortgage Relief Program

Pwogram Soulajman Ipòtèk

MANYÈL POLITIK

23 Me 2022

Otorite Lojman nan Eta Delaware
18 The Green, Dover, DE 19901
1-888-303-4324



Biwo Responsab la: Finansman Lojman
Pwopriyete Politik la: Cynthia Karnai, Direktè Adjwen Cynthia@DeStateHousing.com
Pwopriyete Adjwen Politik la: Stephanie Griffin, Direktè Finansman Lojman StephanieG@destatehousing.com
Dat Apwobasyon Inisyal la: 23 Me 2022

Istorik Revizyon Politik la

Otorize pa	Dat Apwobasyon	Rezime Chanjman (yo)	Nimewo Paj (yo)

Tabdèmatyè	
ENTWODIKSYON	4
APÈSI EGZEKITIF	4
ELEMAN PWOGRAM NAN.....	7
Kondisyon Elijiblite Jeneral	7
Elijiblite Selon Pwopriyete	9
Elijiblite Selon Ipotèk	9
PWOGRAM ASISYANS KI LYE AK IPOTÈK	10
Sibvansyon Ipotekè Nouvo Depa DE-MRP a	10
ASISTANS KI PA LYE AK IPOTÈK	11
Sibvansyon Pou Reyoryantaston Deplasman Dijans DE-MRP a	11
KONDISYON DOKIMANTASYON YO.....	12
PRIYORIZASYON KANDIDA A	15
PÒTAY APLIKASYON AN	15
PWOSESIS APLIKASYON AN.....	17
Estrikti Asistans lan (Enstriman Sekirite)	17
Resètifikasyon	18
Refi Aplikasyon.....	18
Konseye sou Lojman ak Sèvis Èd Jiridik.....	18
Pwotesis Kontestasyon	19
Aplikasyon ki pa Konplè	20
Kandida Ki Pa Reponn	20
Retrè Aplikasyon Kandida a	20
Asirans Kalite/Kontwòl Kalite.....	20
DEKLARASYON.....	20

ENTWODIKSYON

Yo te devlope Manyèl Politik pou Pwogram Soulajman Ipotèk Delaware a (Delaware Mortgage Relief Program, DE-MRP) pou sèvi kòm yon zouti referans lè y ap pran desizyon sou pwogram DE-MRP a. Dokiman sa a chita sou règ ak oryantasyon sa yo ki adopte pa Depatman Trezò Etazini an, ak apwobasyon Fèy Kondisyon DE-MRP ki atache ak dokiman sa a.

APÈSI EGZEKITIF

Pwogram Soulajman Ipotèk Delaware a (DE-MRP) se yon pwogram ki finanse pa gouvènman federal la ki fèt pou ede mèt kay ki arisk pou twouve yo nan sitiyan ki fè yo pa ka fè pèman yo, pou sezi kay yo, oswa depasman akoz yon difikilte finansye ki lakoz pa pandemi COVID-19 la.

Biwo Gouvènè Delaware a te transfere administrasyon DE-MRP a bay Otorite Lojman nan Eta Delaware a (DSHA) avèk finansman yo bay atravè Fon Asistans pou Mèt Kay la (HAF) selon seksyon 3206 nan Lwa 2021 sou Plan Sekou Ameriken an (P.L. 117-2).

DSHA pral kreye pwogram ki konsantre sou asistans finansye pou mèt kay ki kalifye yo ki arisk pou depasman akoz aryere obligasyon ki lye ak lojman tankou pèman ipotèk ak frè pwopriyete yo. Asistans sa a pral pran de fòm – Sibvansyon Pou Reyoryantasyon Depasman ak Sibvansyon pou Nouvo Depa a. Yon fason kolektif, nan Delaware, pwogram sa yo pral fèt sou non Pwogram Soulajman Ipotèk nan Delaware (DE-MRP). Kandida ki reponn ak tèm ki mansyone yo pou chak pati yo elijib pou aplike pou asistans atravè toude pati yo pou yon asistans maksimòm \$40,000.

Yo pral estriktire asistans lan kòm yon sibvansyon san rekou. Yo pral fè pèman yo dirèkteman bay antite ki apwopriye a tankou minisipalite a, konpayi asirans lan, ajans sèvis prè a oswa pretè a (jan sa apwopriye).

DEFINISYON

AMI: Revni Mwayen Zòn lan jan sa detèmine pa Depatman Lojman ak Devlopman Iben an sou yon baz chak ane.

Fichye Komen pou Done (CDF): Pwosesis echanj fichye done elektwonik pou kominike enfòmasyon yo yon fason elektwonik ant Pretè a/Ajans lan ak DE-MRP a pou valide enfòmasyon sou ipotèk kandida a.

Limit Prè ki Konfòm: Limit prè ki konfòm nan se limit dola nan gwosè yon ipotèk, ki etabli pandan chak peryòd ke Freddie Mac ak Fannie Mae genyen volonte pou achte oswa pou garanti.

An reta (pou objektif DE-MRP yo): Lè ou anreta pandan omwen yon pèman (30 jou +) sou ipotèk ou an oswa sou lòt depans ki elijib selon pwogram DE-MRP a.

Lojman (pou objektif DE-MRP yo): Tout batiman, estrikti, oswa yon pati nan bagay sa yo ki okipe, oswa ki konstwi oswa ki fèt pou youn oswa plis moun kapab okipe kòm yon rezidans. Sa genyen ladan kay mobil ak kay ki frabrike alavans (ki fikse oswa ki pa fikse).

Mèt Kay ki Elijib: Mèt Kay nan Delaware ki te fè fas ak yon difikilte finansye ki lye ak Covid-19 aprè 21 Janvyè 2020 epi ki genyen revni yo ki egal ak oswa ki mwens pase 150% nan revni mwayen zòn lan oswa 100% nan revni mwayen pou Etazini, selon sa ki pi gran an.

Depo Fidisyè: Taks ak asirans ki fòme yon pati nan pèman ipotèk chak mwa a epi ki vèse pa pretè/ajans sèvis ipotèk la bay antite ki apwopriye a lè dat pèman an rive.

Abstansyon: Yon peryòd tan lè yon ajans sèvis ipotèk pèmèt ou poze oswa redwi pèman ipotèk ou yo.

Sezi: Sezi se yon pwosesis legal pou pran posesyon yon byen ki te sou ipotèk lè moun ki te fè ipotèk la pa rive kontinye peye ipotèk li a.

Rapò ant Dèt Lojman ak Revni (HDTI): Pousantaj revni mansyèl yon fwaye itilize pou peye frè lojman ki genyen ladan prensipal ipotèk la, enterè, taks sou pwopriyete, asirans, ak kotizasyon Asosiyasyon Mèt Kay la (Homeowner's Association, HOA) lè sa aplikab.

Gwo Risk pou Sezi: Pwosesis sezi a deja kòmanse, epi yon lavant cherif te pwograme oswa pral pwograme.

Ogmantasyon nan depans pou viv toulejou yo: Ogmantasyon nan pwòp depans fanmi an ki genyen ladan men pa limite ak depans medikal ki lakoz pa asirans medikal ki pa apwopriye ak frè pou rekonekte sèvis piblik ki dirèkteman lye ak pandemi kowonaviris la aprè 21 Janvyè 2020.

DE-MRP: Pwogram Soulajman Ipotèk nan Delaware

DSHA: Otorite Lojman nan Eta Delaware

Metriz Limite nan Anglè (Limited English Proficient, LEP) – Moun ki pa pale Anglè kòm premye lang yo epi ki genyen kapasite limite pou li, pale, ekri, oswa pou konprann Anglè.

Ipotèk (definisyon Trezò Etazini an bay): Tout tranzaksyon kredi ki garanti pa yon ipotèk, tit fidisi, oswa lòt enterè konsansyèl sou rezidans prensipal yon moun ki resevwa prè pou yon lojman ki genyen youn jiska kat inite, oswa yon byen imobilye rezidansyèl ki genyen youn jiska kat lojman; epi balans prensipal ki pa peye a pa depase limit prè konfòm lan nan moman kreyasyon li.

** Yon ipotèk envèse, yon prè ki garanti pa yon kay ki konstwi alavans, oswa yon kontra pou tit pwopriyete (yo konnen tou sou non kontra fonsye) kapab tonbe nan definisyon sa a si li satisfè kritè ki nan paragraf sa a, selon lwa eta ki aplikab la.*

Asistans Ki Lye Ak Ipotèk: Fon DE-MRP yo peye bay pretè/ajans sèvis ipotèk la nan non yon kandida DE-MRP ki apwouve pou trete reta nan ipotèk la (retablisman) oswa pou ede peye fiti pèman ipotèk yo.

Pèsòn Fizik: Yon moun epi se pa yon antite komèsyal oswa yon pèsòn legal ki kreye pa fonksyonman lalwa.

Asistans Ki Pa Lye Ak Ipotèk:: Fon DE-MRP ki peye bay yon founisè sèvis oswa bay yon tyès pati ki otorize pou resevwa pèman nan non yon kandida ki apwouve pa DE-MRP pou rezoud frè fonsye an reta a ak frè sèvis piblik ki ankou epi ki pa rekipere yo (apati 22 ME 2022 pou DE-MRP: ki limite ak pèman taks dlo ak/oswa pèman tèks egou yo).

Sektè Resansman Ki Kalifye (Qualified Census Tract, QCT): Yon sektè resansman ki dwe genyen 50% nan fwaye yo ki genyen revni ki pi ba pase 60 pousan nan Revni Mwayen Zòn lan oswa ki genyen yon to povrete 25 pousan oswa plis. (definisyon HUD a)

Difikilte Finansye Ki Kalifye: Yon gwo rediksyon nan revni oswa yon gwo diminisyon nan depans pou viv toulejou yo ki asosye avèk pandemi kowonaviris la ki te kreye oswa ki te ogmante yon risk pou reta nan ipotèk, yon reta nan pèman ipotèk, sezi, pèt sèvis piblik oswa sèvis enèji kay la, oswa depasman pou yon mèt kay.

Moun Ki Sosyalman Defavorize (definisyon Trezò Etazini an): Moun ke kapasite yo pou achte oswa pou posede yon kay te afebli akòz yon diminisyon aksè nan kredi sou yon tèm ki rezonab parapò ak lòt moun ki nan sikonstans ekonomik ki konparab yo, selon diferans nan tarif pwopriyete kay yo nan jiridiksyon patisipan HAPF la jan sa dokimante pa Resansman Etazini an. Afeblisman an dwe soti nan sikonstans ke yo pa rive kontwòle. Endikatè andikap selon definisyon sa a kapab genyen ladan lè yon moun se yon (1) manm nan yon gwoup ki fè fas ak dezavantaj rasyal oswa etnik oswa prejije kiltirèl nan sosyete Ameriken an, (2) yon rezidan nan yon sektè Resansman majoritè/minoritè; (3) yon moun ki genyen metriz limite nan Anglè; (4) yon rezidan nan teritwa Etazini, rezèvasyon Endyen, oswa yon Abitan Natif Natal Awayi, oswa (5) yon moun ki viv nan yon konte ki te toujou gen povrete, sa vle di nenpòt konte ki genyen 20% oswa plis nan popilasyon li a k ap viv nan povrete pandan dènye 30 lane yo jan sa mezire pa twa dènye resansman chak dis lane yo. Anplis, yo kapab detèmine ke yon moun sosyalman defavorize selon yon pwosesis ki devlope pa yon patisipan HAF pou detèmine si yon mèt kay se yon moun ki sosyalman defavorize selon lwa ki aplikab la, ki kapab chita yon fason rezonab sou oto-atestasyon.

Sibljaj (jan sa egzije pa Trezò Etazini an): Pa mwens pase 60% nan montan yo mete aladispozisyon chak patisipan HAF dwe itilize pou depans ki kalifye ki ede mèt kay ki genyen revni ki egal oswa ki mwens pase 100% nan revni mwayen zòn lan oswa ki egal oswa ki mwens pase 100% nan revni mwayen pou Etazini, selon sa ki pi gran an. Tout montan yo pa mete aladispozisyon mèt kay yo epi ki reponn ak kondisyon ki vize revni an dwe priyorize pou asistans pou moun ki sosyalman defavorize yo, apresya, y ap mete fon ki rete aprè priyotizasyon an aladispozisyon lòt mèt kay ki elijib yo.

WOB: Witt O'Brien's, founisè, ki seleksyone pa DSHA, atravè yon pwosesis akizisyon, pral soutni administrasyon pwogram DE-MRP a.

Yardi: Founisè/Sistèm yo akèri antanke pòtay aplikasyon, pèman ak rapò pou pwogram DE-MRP a.

ELEMAN PWOGRAM NAN

Anba a genyen yon rezime eleman pwogram nan ki disponib atravè pwogram DE-MRP a. Tout deskripsyon politik la disponib nan seksyon "Politik ki Espesifik ak Pwogram" lan nan dokiman an.

Pwogram DE-MRP an pral genyen ladan de eleman pwogram annapre la yo, ki asosye avèk sèvis konsèy nan lojman ki baze sou referans pou atenn objektif pwogram nan:

1. **Sibvansyon Pou Reyoryantaston Deplasman Dijans DE-MRP a:** Bay jiska \$10,000 nan asistans finansye pou mèt kay ki elijib yo pou evite gwo depasman akòz frè pwopriyete yo.
2. **Sibvansyon Ipotèkè Nouvo Depa DE-MRP a:** Bay yon pèman inik jiska \$30,000 nan non yon mèt kay ki kalifye pou peye aryere an reta nan ipotèk la ak/oswa pou fasilite modifikasyon ipotèk la (tankou rediksyon nan prensipal oswa rediksyon nan to) pou ajiste pèman ipotèk alavni yo nan nivo ki abòdab pou mèt kay la.

**Yo fè tout pèman yo dirèkteman bay ajans sèvis prè a oswa bay vandè a nan non mèt kay la.*

Kondisyon Elijiblite Jeneral

Tout kandida yo dwe satisfè kondisyon elijiblite annapre la yo epi yo lye ak toude eleman pwogram yo ki mansyone nan Rezime Pwogram ki anwo a. Si yo pa rive respekte kondisyon ki anba a sa pral mennen yon mank kapasite pou resevwa asistans DE-MRP a.

Elijiblite Kandida a

Kandida yo **dwe**:

- Yon **Pèsòn Natirèl** oswa yon fidisyè nan yon fidisi vivan ki pa fòmè kòm yon sosyete (LLC oswa lòt antite komèsyal yo pa elijib)
- Fè pati ipotèk la epi/oswa genyen tit nan pwopriyete a
- Mentni pwopriyete a kòm lye rezidans prensipal yo

Elijiblite Revni

- Revni fwaye a **dwe** egal oswa mwens pase 150% nan revni mwayen zòn lan (AMI) oswa egal oswa mwens pase 100% nan revni mwayen pou Etazini, selon sa ki pi gran an.

Limit Revni HAF pou Delaware: [Limit Revni Maksimòm FY 2022 pou Fon Asistans pou Mèt Kay selon Trezò a \(huduser.gov\)](#)

Limit Revni HUD yo

Jan sa etabli pa Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an
(apati 4/01/22)

Konte New Castle (Revni Mwayen=\$105,400)

	1 Moun	2 Moun	3 Moun	4 Moun	5 Moun	6 Moun	7 Moun	8 Moun
30%	22,150	25,300	28,450	31,600	34,150	37,190	41,910	46,630
50%	36,900	42,200	47,450	52,700	56,950	61,150	65,350	69,600
80%	59,050	67,450	75,900	84,300	91,050	97,800	104,550	111,300

Konte Kent (Revni Mwayen=\$77,200)

	1 Moun	2 Moun	3 Moun	4 Moun	5 Moun	6 Moun	7 Moun	8 Moun
30%	16,250	18,550	23,030	27,750	32,470	37,190	41,910	46,630
50%	27,050	30,900	34,750	38,600	41,700	44,800	47,900	51,000
80%	43,250	49,400	55,600	61,750	66,700	71,650	76,600	81,550

Konte Sussex (Revni Mwayen=\$84,000)

	1 Moun	2 Moun	3 Moun	4 Moun	5 Moun	6 Moun	7 Moun	8 Moun
30%	17,650	20,200	23,030	27,750	32,470	37,190	41,910	46,630
50%	29,400	33,600	37,800	42,000	45,400	48,750	52,100	55,450
80%	47,050	53,800	60,500	67,200	72,600	78,000	83,350	88,750

Elijiblite Selon Difikilte

Fwaye a dwe te fè fas ak yon **Difikilte Finansye Ki Kalifye**, jan sa defini nan seksyon definisyon an nan dokiman sa a. **Difikilte a dwe te rive **aprè** 21 Janvye 2020.*

Elijiblite Selon Pwopriyete

Pwopriyete a **dwe**:

- Sitiye nan Eta Delaware
- Lye rezidans prensipal kandida a
- Pwopriyete rezidansyèl ki genyen youn jiska kat inite

Dezyèm kay, kay pou vakans, pwopriyete lokasyon ke mèt kay la pa rete ladan ak pwopriyete ki vid yo **pa elijib pou asistans.*

Kay ki fabrike alavans ak kay mobil, kay ki fikse oswa ki pa fikse ak yon byen imobilye yo **elijib pou asistans.*

Elijiblite Selon Ipotèk

Tip ipotèk ki admisib:

- Premye Ipotèk yo
- Dezyèm Ipotèk yo
- Ipotèk Envèse
- Prè ki garanti pa lojman ki fabrike alavans/lojman mobil yo (byen imobilye oswa lojman)
- Kontra Fonsye (ki garanti pa enterè sekirite konsansyèl sou lojman an)

Kandida ki nan pwosesis sezi yo kounyeya **kapab aplike pou asistans.*

Disponibilite Finansman

Tout asistans yo fè sijè disponibilite fon DE-MRP yo. Yo pral dekese asistans ki apwouve a dirèkteman bay ajans sèvis prè a oswa bay vandè a nan non mèt kay la.

PWOGRAM ASISYANS KI LYE AK IPOTÈK

Sibvansyon Ipotekè Nouvo Depa DE-MRP a

Fèt pou ofri yon pèman inik nan non yon mèt kay ki kalifye pou peye aryere an reta nan ipotèk la ak/oswa pou fasilite modifikasyon ipotèk la (tankou rediksyon nan prensipal oswa rediksyon nan to) pou ajiste pèman ipotèk alavni yo nan nivo ki abòdab pou mèt kay la. Opsyon sa a fèt avèk mekanis pou asire ke asistans lan kreye yon rezolisyon dirab alontèm san bezwen pou aplike yon lòt fwa pou asistans adisyonèl.

Yo pral otorize kandida yo pou soumèt yon aplikasyon ki aktif selon pwopriyete selon pwogram. Sou yon baz ka pa ka, yon kandida kapab aplike yon lòt fwa pou asistans adisyonèl pou peye aryere ipotèk ki pa depase kantite total maksimòm asistans nan ki se \$30,000.

Yo pral itilize paramèt sa yo pou detèmine asistans yo bay la:

- Kandida ki genyen yon DTI 31% oswa mwens pral reyentegre dirèkteman.
- Kandida ki genyen ant 31.01% - 45% DTI yo ka chwazi yon akò modifikasyon, otreman yo pral chèche jwenn reyentegrasyon an.
- Kandida ki depase 45% DTI yo pral genyen obligasyon pou chèche jwenn yon akò modifikasyon.
- Yo pral refere kandida ki depase 80% DTI a oswa ki pa genyen okenn revni yo bay Ajans Konsèy Lojman ki apwouve pa HUD pou detèmine pi bon plan daksyon pou ede kandida a.

Maksimòm Asistans Ki Admisib Pa Mèt Kay

\$30,000 pa fwaye (ki dwe itilize sèlman pou rezidans prensipal mèt kay la).

Kondisyon Ki Espesifik Ak Pwogram Nan

- Asistans ki nesèsè a pa dwe depase montan maksimòm \$30,000 ki admisib la.
- Difikilte finansye ki elijib aprè 21 Janvyè 2020;
- 150% nan revni mwayen zòn lan;
- Mèt kay Delaware yo; ak
- Mèt kay ki rete nan rezidans prensipal yo a.

Detèminasyon Difikilte

- An reta jiska omwen trant (30) jou, ki genyen ladan tout pèman pandan yon peryòd abstansyon ansanm avèk nenpòt atestasyon ak/oswa afidavi ki nesèsè.

- Reta nan ipotèk la poukont li se prè difikilte ki akseptab ansanm avèk tout atestasyon ak/oswa afidavi ki nesesè.

Egzijans nan Kesyon Konsèy ak Ajans Sèvis Legal yo

Tout patisipan yo nan pwogram nan pral resevwa enfòmasyon sou founisè ki bay konsèy sou lojman ak sèvis pou tout sipò oswa asistans kontini yo kapab bezwen. Konsèy sou lojman ak ajans sèvis legal pa yon kondisyon ki obligatwa pou resevwa asistans.

Pèman

Si yo apwouve, yo pral fè yon pèman global dirèkteman bay ajans sèvis prè a oswa bay vandè a nan non mèt kay la.

**Asistans lan p ap depase \$30,000 pa fwaye nan okenn ka.*

ASISTANS KI PA LYE AK IPOTÈK

Sibvansyon Pou Reyoryantaston Deplasman Dijans DE-MRP a

Fèt pou evite gwo deplasman akòz frè pwopriyete yo ki genyen ladan, men pa limite ak:

- Reta fiskal, prè mobilye, oswa reta nan lokasyon teren;
- Reta nan pèman fakti dlo ak egou;
- Reta nan frè asosiyasyon mèt kay la/reta nan frè asosiyasyon pou ko-pwopriyete; ak/oswa
- Reta nan Asirans Mèt Kay la.

**Yo pral peye reta nan taks ak nan asirans ki kouvri pa pèman ipotèk la (depo fidisi) atravè mwayen Sibvansyon Ipotekè Nouvo Depa a (Fresh Start).*

Maksimòm Montan Asistans Pa Mèt Kay

\$10,000 pa fwaye (ki dwe itilize sèlman pou rezidans prensipal mèt kay la).

Egzijans Ki Espesifik Ak Pwogram nan

- Asistans ki nesesè a pa dwe depase montan maksimòm \$10,000 ki admisib la.
- Difikilte finansye ki elijib aprè 21 Janvyè 2020;
- 150% nan AMI an;
- Mèt kay Delaware yo; ak
- Mèt kay ki rete nan rezidans prensipal yo a.

Detèminasyon Difikilte

- An reta jiska omwen trant (30) jou, ki genyen ladan tout pèman pandan yon peryòd abstansyon, oswa pou frè pwopriyete ki poko peye a ansanm avèk nenpòt atestasyon ak/oswa afidavi ki nesesè.

- Reta nan frè pwopriyete ki elijib la poukont se prèvf difikilte ki akseptab ananm avèk tout atestasyon ak/oswa afidavi ki nesesè.

Egzijans nan Kesyon Konsèy ak Sèvis Legal yo

Tout patisipan yo nan pwogram nan pral resevwa enfòmasyon sou founisè ki bay konsèy sou lojman ak sèvis pou tout sipò oswa asistans kontini yo kapab bezwen. Konsèy sou lojman ak sèvis legal **se pa yon kondisyon ki obligatwa** pou resevwa asistans.

Pèman

Si yo apwouve, yo pral fè yon pèman global dirèkteman bay ajans sèvis prè a oswa bay vandè a nan non mèt kay la.

Yo pa otorize ranbousman pou pèman ki pase yo.

**Asistans lan p ap depase \$10,000 pa fwaye nan okenn ka.*

KONDISYON DOKIMANTASYON YO

Dokimantasyon annapre a nesesè pou yon aplikasyon pou ale nan faz tretman ak faz tarifikasyon nan pwosesis revizyon an.

Idantifikasyon Kandida a

Tout pati k ap siyen aplikasyon an dwe telechaje voye yon kopi ki lizib pou yon fòmilè idantifikasyon ki akseptab. Fòmilè idantifikasyon ki akseptab yo genyen ladan:

- Lisans Chofè Ke Eta Delaware Bay
- Idantifikasyon Deta Ke Eta Delaware Bay
- Kopi devan Lisans Chofè ou an ke Eta Delaware Bay
- Kopi devan Idantifikasyon Deta ou an ke Eta Delaware Bay
- Idantifikasyon Militè
- Sètifika Natiralizasyon
- Kat Rezidans Pèmanan Legal
- Lòt Idantifikasyon Ki Gen Foto Ke Gouvènman an Bay

**Si Lisans Delaware a oswa Idantifikasyon Deta Delaware a pa montre adrès pwopriyete a, kandida a kapab bay yon aktyèl fakti Sèvis piblik ki montre non ak adrès kandida a epi/oswa ranpli yon deklarasyon pou eksplike poukisa l ap itilize yon adrès ki diferan.*

Revni Fwaye a

Pou kalifye pou DE-MRP a, kandida yo dwe sètifye revni fwaye a pou tout manm nan fwaye a ki genyen 18 lane ak plis. Yo pral aksepte dokiman sa yo kòm verifikasyon revni (sèlman dokiman ki aplikab yo nesesè):

- **Deklarasyon Revni** – Dènye deklarasyon revni ki depoze a
- **Fich peman** – De dènye fich peman oswa fich peman oswa lèt travay la ki montre to pèman pou peryòd pèman an, kantite èdtan travay nan peryòd pèman an, non travay la, revni brit soti kòmansman ane a rive jodi a
- **Travay Endepandan ak Travay nan Gig Economy** – soti kòmansman ane a rive jodi a oswa relve pwofi ak pèt trimèstriyèl la, tout paj relve pou kont bankè yo (komèsyal ak pèsònèl) pou menm aktyèl ane a ak peryòd twa mwa a, ak dènye relve revni avèk tout anèks ak transkripsyon
- **Pansyon oswa Rant** – Relve avantaj pansyon oswa rant oswa dènye relve bankè nan dènye 60 jou yo ki montre montan depo a
- **Sekirite Sosyal** – Lèt atribisyon avantaj Sekirite Sosyal oswa avi anyèl avantaj yo oswa relve 2020 SSA-199 oswa dènye relve bankè a ki montre montan depo a ki genyen dat dènye 30 jou sa yo
- **Relve Avantaj Konpansasyon Travayè** – Relve avantaj Konpansasyon Travay yo ki genyen dat dènye 30 jou sa yo
- **Revni Lwaye oswa revni pansyon** – Aktyèl kontra lwaye ak dènye de mwa relve bankè yo ki montre depo revni lwaye a
- **Alimoni oswa Sipò Timoun** – Òdonans tribinal la oswa akò alekri ak de dènye mwa relve bankè ki montre depo revni sipò yo
- **Relve Avantaj Chomaj** – Dènye relve avantaj chomaj yo (Avantaj chomaj yo ladan sèlman si avantaj la disponib pandan omwen 6 mwa adisyonèl)
- **Relve Avantaj VA** – Relve Avantaj VA yo oswa dènye relve bankè ki montre kantite depo a
- **Si yon moun granmoun nan fwaye a pa genyen okenn revni**, yo pral aksepte yon oto-atestasyon ki siyen pa yon manm nan fwaye a pou konfime ke pa genyen okenn revni.
- **Dispans oswa eksepsyon** - DSHA kapab bay dispans oswa eksepsyon pou egzijans dokimantasyon sa a si sa nesèsè yon fason ki rezonab pou kapab fè aranjman pou sikonstans jistifikatif yo, tankou andikap, defi pratik ki lye ak pandemi an, oswa yon mank aksè nan teknoloji pa mèt kay yo.

Prèy Difikilte Finansye Ki Kalifye

Yon Difikilte Finansye ki Kalifye defini kòm yon gwo rediksyon nan revni oswa yon gwo diminisyon nan depans pou viv toulejou yo ki asosye avèk pandemi Kowonaviris la ki te kreye oswa ki te ogmante risk pou delenkans ipotèk, yon reta nan pèman ipotèk, sezi, pèt sèvis piblik oswa sèvis enèji kay la, oswa depasman pou mèt kay k ap aplike a. Pou kapab resevwa asistans DE-MRP, kandida a dwe te fè fas ak yon Difikilte Finansye Ki Kalifye aprè 21 Janvyè 2020.

**Tout kandida yo dwe sètifye ke yo te soufri de yon difikilte ki lye ak Covid-19 nan kad aplikasyon an.*

Aktyèl reta nan frè ipotèk la ak/oswa nan frè imobilye a se yon egzijans pou tout eleman pwogram nan avèk sipò yon Difikilte Finansye ki Kalifye.

**Kandida k ap mande yon gwo ogmantasyon nan depans yo pral bezwen bay tou yon atestasyon ki ranpli epi ki siyen.*

Prèw Pwopriyete

Kandida a **dwe** swa sou ipotèk la oswa sou tit pwopriyete l ap chèche asistans pou li a. Kandida yo ap gen pou yo bay youn nan dokiman annapre la yo kòm prèw pwopriyete yo:

- papye pwopriyete
- relve ipotèk
- règleman tit la
- lwaye kowoperatif
- kontra fonsye
- bòdwo taks pou pwopriyete
- politik asirans mèt kay la pou estrikti
- HOA (Asosiyasyon Mèt Kay) oswa relve kowoperatif

**Yo kapab egzamine lòt fòm dokiman yo sou yon baz ka pa ka pou moun ki pa anmezi pou bay enfòmasyon ki anwo a.*

Prèw Rezidans Prensipal

Yo pral poze tout kandida yo kesyon sou si pwopriyete y ap chèche asistans pou li a se lye rezidans prensipal yo a. Yo pral ateste repons pou kesyon sa a lè kandida a mete siyati elektwonik sou atestasyon verasite ki nesèsè a nan fen aplikasyon an.

Prèw Reta a

Pou sèten eleman nan pwogram DE-MRP a, aplikan yo **dwe bay** dokimantasyon ki pwouve reta a. Epitou yo pral itilize dokiman sa yo pou detèmine bezwen monetè kandida a.

- Pwogram Sibvansyon Ipotekè Nouvo Depa DE-MRP a
 - Dènye relve ipotèk pou tout ipotèk yo (ki genyen ladan tout Liy Kredi sou Valè Brit Kay la ak Prè sou Valè Nèt Kay la)
 - Avi Pou Sezi
 - Lòt dokimantasyon nan men ajans sèvis la ki pwouve reta a

**Si ajans sèvis ipotèk la chwazi pou patisipe, evalyatè DE-MRP yo pral verifye aktyèl enfòmasyon sou reta ipotèk la, pa mwayen Fichye Done Komen an (CDF), dirèkteman nan men ajans sèvis ipotèk la oswa nan yon lòt fòm yo bay atravè pòtay aplikasyon an, pou ajans sèvis ipotèk ki p ap patisipe nan pwosesis CDF la.*

- Pwogram Sibvansyon Pou Reyoryantasyon Deplasman Dijans DE-MRP a
 - Avi Sou Reta Nan Taks Sou Pwopriyete
 - Avi Sou Lavant Fiskal
 - Avi sou Decheyans Fiskal (asirans pou mèt kay ak asirans pou inondasyon)
 - Avi sou Reta Nan Frè Asosiyasyon Mèt Kay la/Reta Nan Frè Asosiyasyon pou Kowopriyete

- Avi Sou Reta Nan Frè Antretyen Kowoperatif
- Avi Sou Reta Nan Frè Komen
- Asistans nan Pèman Sèvis Piblik
 - Fakti ki an reta yo:
 - Dlo ak egou sèlman

Otorizasyon Tyès Pati

Tout kandida yo pral siyen dokiman Otorizasyon Tyès Pati a pa mwayen elektwonik nan fen aplikasyon an. Dokiman sa a pèmèt evalyatè aplikasyon yo pou jwenn enfòmasyon ki obligatwa nan men tyès pati yo, ki genyen ladan ajans sèvis ipotèk yo ak founisè sèvis oswa founisè sèvis piblik yo.

Atestasyon pou Verasite

Tout kandida yo pral siyen Atestasyon Verasite a pa mwayen elektwonik nan fen aplikasyon an. Kandida a pral ateste verasite tout enfòmasyon li te bay nan aplikasyon an ak pou rekonèt ke li konprann ke genyen konsekans jiridik konsènan lè li volontèman prezante fo enfòmasyon pandan pwosesis aplikasyon an.

PRIYORIZASYON KANDIDA A

Yo pral priyoreze aplikasyon yo pou kapab egzamine yo nan yon fason pou asire ke yo satisfè direktiv Trezò Etazini yo ki konsène siblaj, epi asire ke yo trete pi gwo risk tout fwaye yo genyen pou sezi byen yo, yon fason ki rapid epi efikas.

Yo pral priyoreze revizyon aplikasyon an nan lòd sa a:

- Gwoup Priyore 1: Dat lavant sezi yo nan lespas 15 jou oswa mwens aprè dat soumisyon aplikasyon an. Okenn konsiderasyon AMI.
- Gwoup Priyore 2: Dat lavant sezi yo nan lespas 16 jou oswa plis aprè dat soumisyon aplikasyon an ak yon AMI 100% oswa mwens.
- Gwoup Priyore 3: Dat lavant sezi yo nan lespas 16 jou oswa plis aprè dat soumisyon aplikasyon an ak yon AMI plis pase 100%.
- Gwoup Priyore 4: AMI 100% oswa mwens.
- Gwoup Priyore 5: Moun ki Sosyalman Defavorize yo jan sa defini pa Trezò a epi aplikab (Ras/Etnisite, metriz Limite nan Anglè).
- Tout lòt yo.

PÒTAY APLIKASYON AN

Pòtay Aplikasyon an

Kandida yo kapab aplike nan DE-MRP atravè pòtay aplikasyon an. Kandida yo pral fè yon enskripsyon ki genyen ladan otorizasyon ki genyen plizyè faktè. Kandida yo pral bezwen valide

enskripsyon yo atravè swa imèl oswa pa SMS epi apresya yo pral kreye yon modpas pou fini pwosesis la. Pòtay aplikasyon an se sèl opsyon ki disponib pou aplike pou asistans DE-MRP.

Nan okenn sikonstans yo pa kapab faktire yon kandida mèt kay yon frè pou aplikasyon an oswa yon frè pou sèvis tyès pati yo pou yo aplike.

**Yo ka anrejistre pwogrè aplikasyon an jiskaske aplikasyon an fini.*

Aksè nan Pòtay la

Aksè nan pwosesis aplikasyon DE-MRP a louvri pou tout mèt kay Delaware k ap chèche asistans.

Moun ki Pa Metrize Anglè

Kapasite Sistèm Yo

Pòtay mèt kay la pral pèmèt kandida yo chwazi yon lang yo preferè nan disèt chwa anvan yo kòmanse aplikasyon yo a. Yo prezante opsyon sa a nan paj koneksyon an ki tradwi aplikasyon an ak fiti mesaj yo nan lang yo preferè a. Sa bay yon pi bon entèfas pou itilizatè a paske ekip jesyon ka DE-MRP a konprann mesaj swivi yo an pasan pa sistèm lan epi pwosesis la kapab jeneralman pi fasil pou pakouri l.

Kapasite Sant Dapèl la

Sant dapèl DE-MRP a genyen ekipman pou bay yon sèvis nan divès lang epitou avèk itilizasyon reso non-pwofi yo ak liy lang yo, jan sa nesèsè.

Moun ki Andikape

DE-MRP bay kandida ki andikape yo aranjman ki rezonab epi kapab fè modifikasyon ki rezonab nan politik li yo, pratik, oswa pwosedi li yo lè sa nesèsè pou evite diskriminasyon sou baz andikap ak pou asire bon jan aksè nan pwogram yo, avantaj, ak enstalasyon yo, eksepte kote founiti yon aranjman t ap fondamantalman modifye nati yon sèvis, pwogram, oswa aktivite DE-MRP a. Kandida ki konfime ke yo genyen yon andikap kapab mande aranjman ki rezonab pandan y ap kontakte Sant Dapèl DE-MRP a 1.888.303.4324.

Kapasite Sant Dapèl la

Manm pèsònèl sant dapèl la genyen kapasite nan itilizasyon sistèm kominikasyon/relè TTY yo fè apèl pou yon moun ki Soud, Moun ki Tande Di, Soud-Avèg oswa ki genyen yon Andikap nan Lapawòl.

Asistans An Pèsòn –Ofiramezi li vin disponib, kandida DE-MRP yo kapab anmezi pou resevwa asistans an pèsòn lè yo soumèt aplikasyon yo a atravè patisipasyon ajans konsèy lojman ki apwouve pa HUD a.

PWOSESIS APLIKASYON AN

Pwosesis revizyon aplikasyon an, pwosesis apwobasyon ak pèman an itilize sekirite ki baze sou wòl pou redwi nenpòt risk entèn lè y ap revize ak lè y ap apwouve aplikasyon yo.

Revizyon Inisyèl

Aplikasyon ki ranpli pa kandida a oswa avèk asistans yon reprezantan mèt kay la, sant dapèl oswa kontribisyon an pèsòn, pral atribye bay yon oditè ka, sou baz lòd priyorite jan sa defini nan seksyon Priyòrizasyon nan dokiman an. Oditè ka a pral revize aplikasyon an pou wè si li konplè ak pou elijiblite epi li pral valide dosye a.

Apwobasyon Aplikasyon an

Aplikasyon ki valide pa yon oditè ka pral resevwa yon sipèvizè ka ki genyen travay pou revize aplikasyon an pou apwouve asistans epi pou otorize pèman yo.

**Se sèlman sipèvizè ka yo ki genyen otorite pou otorize pèman pou aplikasyon ki apwouve pa yon oditè ka.*

Inisyasyon Pèman

Manadjè Finans lan kòmanse yon demann finansman ki pral founi pèman bay ajans sèvis ipotèk yo epi bay founisè sèvis yo. Pèman yo fèt pa swa transfè ACH (Automated Clearing House) oswa yon chèk fizik ki jenere atravè pòtay DE-MRP a. Tout demann finansman yo apwouve pa DSHA.

**Se sèlman manadjè finans yo ki genyen otorite pou kòmanse demann pèman yo pou aplikasyon ki apwouve pa sipèvizè ka a.*

Estrikti Asistans lan (Enstriman Sekirite)

Estrikti asistans lan se menm bagay la pou chak pwogram:

- Asistans ki Lye ak Ipotèk la egal oswa mwens pase \$30,000
 - Kandida a pral resevwa yon sibvansyon san rekou pou montan asistans ki apwouve a. Kandida a pral resevwa pa mwayen imèl, yon avi asistans ki etabli kantite ak egzijans pou resevwa asistans lan.
 - DSHA pral konsève dokimantasyon sibvansyon an pou chak kandida.
 - Yo p ap anrejistre okenn enstriman.
- Asistans ki Pa Lye ak Ipotèk jiska \$10,000
 - Kandida a pral resevwa yon sibvansyon san rekou pou montan asistans ki apwouve a. Kandida a pral resevwa pa mwayen imèl, yon avi asistans ki etabli kantite ak egzijans pou resevwa asistans lan.

- DSHA pral konsève dokimantasyon sibvansyon an pou chak kandida.
- Yo p ap anrejistre okenn enstriman.

* Tout fon asistans yo pral transfere bay ajans sèvis ipotèk la, founisè sèvis oswa tyès pati ki otorize pou resevwa pèman yo.

Resètifikasyon

Selon eleman pwogram ki apwouve a ak kantite finansman ki resevwa a; resètifikasyon kapab nesesè.

Refi Aplikasyon

Aplikasyon/Kandida ki pa rive satisfè kondisyon pou asistans DE-MRP yo pral resevwa yon avi inejiblite pa mwayen imèl, ki pral enfòmè kandida a sou rezon espesifik (yo) pou refi a. Refi yo kapab baze sou lefètke yo pa rive reponn ak egzijans AMI yo; pwopriyete ki pa reponn ak egzijans rezidans prensipal la; ajans sèvis ipotèk la pa genyen volonte pou patisipe nan pwogram DE-MRP a; ak/oswa mank kapasite pou fon DE-MRP yo pou konplètman trete reta a. Sa pa yon lis ki genyen tout rezon refi yo epi yo kapab aktyalize l alavni.

Konseye sou Lojman ak Sèvis Èd Jiridik

DSHA pa enpoze Konsèy sou Lojman oswa Sèvis Èd Jiridik nan yon efò pou evite tout baryè pou aplikasyon nan pwogram nan. DSHA te fè patenarya avèk ajans konsèy lojman ki apwouve pa HUD a pou ede avèk pwosesis admisyon ak soumisyon aplikasyon yo ak pou ede mèt kay ki pa ka patisipe nan pwogram nan. Anplis, tout patisipan yo nan pwogram nan pral resevwa enfòmasyon sou founisè ki bay konsèy sou lojman ak sèvis pou tout sipò oswa asistans kontini yo kapab bezwen. Mèt kay ki pa ka patisipe nan pwogram nan pral konekte avèk sèvis sa yo pou kontinye eksplòre efò rediksyon risk pèt yo.

Lyen ki mennen nan konseye ki apwouve pa HUD:

<https://decovidhousinghelp.com/housing-counselors/>

Sèvis Èd Jiridik:

Community Legal Aid Society, Inc.

Founi sèvis legal sivil bay manm yo nan kominote nou an ki genyen fèb revni, ki genyen andikap, oswa ki genyen 60 lane ak plis.

Konte New Castle:	302-575-0660
Konte Kent:	302-674-8500
Konte Sussex:	302-856-0038

Sèvis Jiridik Volontè nan Delaware (Delaware Volunteer Legal Services, DVLS)

DVLS se yon òganizasyon ki genyen prensipalman avoka volontè ki founi asistans legal bay manm yo nan kominotè nou an ki genyen fèb revni oswa ki se viktim vyolans domestik ki genyen pwoblèm nan divès kalite pwoblèm nan domèn sivil yo. Yo ka atenn yo nan 302-478-8680 oswa 1-888-225-0582.

Legal Services Corporation of Delaware, Inc.

Founi reprezantasyon legal bay popilasyon ki gen revni fèb yo nan Delaware nan dosye sivil yo tankou demann ak konsèy nan kesyon fayit, pwoblèm konsomatè yo, pwoblèm lojman, ak pwoblèm avantaj chomaj yo.

Konte New Castle: 302-575-0408

Konte Kent: 302-734-8820

Lyen ki Mennen nan Resous pou Mèt Kay yo: <https://decovidhousinghelp.com/homeowner-resources/>

Federasyon Konseye Lojman nan Delaware
Delaware 19901
www.defhc.org

Pwosesis Kontestasyon

**Se sèlman aplikasyon yo te refize yo ki kapab soumèt yon demann pou revizyon kontestasyon.*

Kandida ki pa dakò avèk yon rezon pou refi pral genyen 30 jou apat notifikasyon refi a pou soumèt yon demann kontestasyon alekri. Demann lan dwe genyen ladan enfòmasyon sa yo:

- Non Kandida a, Adrès Pwopriyete a ak ID DE-MRP a
- Eksplikasyon sou rezon ki fè y ap konteste rezolisyon an
- Dokimantasyon jistifikatif ki soutni rezon pou kontestasyon an

Revizyon kontestasyon DE-MRP yo pral reyalize pa manm ekip ki pa te deja revize aplikasyon an epi yo pral swiv menm pwosesis ak premye revizyon aplikasyon an. Manm pèsònèl DE-MRP a pral genyen 30 jou pou revize ak pou reponn demann kontestasyon an.

Yo pral konsidere tout desizyon sou kontestasyon yo kòm desizyon final. Kandida yo p ap anmezi pou soumèt lòt revizyon.

Eksepsyon: Kandida ke yo te detèmine ki pa elijib pou asistans DE-MRP a akòz aryere ki depase maksimòm finansman ki otorize pa fwaye ak lòt sikonstans jistifikatif yo (ke yo revize sou yon baz ka pa ka), yo pral pèmèt kandida sa yo soumèt aplikasyon yo a yon lòt fwa, si yo te jwenn lòt asistans ki pral mennen yo nan limit asistans ki obligatwa a, tankou:

- Lòt sèvis rediksyon risk pèt yo
- Fon pèsònèl
- Fon ki resevwa kòm don

Limit 30 jou pou soumèt yon demann kontestasyon pral anile pou kandida sa yo. Sepandan, apwobasyon finansman an fè sijè disponiblite fon pwogram nan. Kandida ki depase limit 30 jou a kapab kontakte sant dapèl la pou fè reyaparèt dosye yo a pou revizyon. DSHA kapab kontakte kandida a pou reyentegre dosye a pou pèmèt kandida a soumèt yon kontestasyon ansanm ak dokimantasyon sipò.

Aplikasyon ki pa Konplè

Aplikasyon yo pa te soumèt konplètman yo (aplikasyon ki pa konplè) pral deplase pou ale nan yon estati “inaktif” aprè 45 jou inaktivite.

Kandida k ap chèche ranpli aplikasyon yo aprè yo te deplase yo nan estati inaktif, yo pral anmezi pou kontakte sant dapèl oditè ka a pou reyentegre aplikasyon an.

Kandida Ki Pa Reponn

Kandida ki pa reponn ak demann oditè ka yo, aprè kenz (15) jou ak twa (3) tantantiv pou kominike avèk kandida a, pral deplase nan yon estati “refize”.

Retrè Aplikasyon Kandida a

Kandida ki chwazi pou pa kontinye pwosesis aplikasyon an ankò kapab retire aplikasyon yo a pandan y ap kontakte sant dapèl la oswa oditè ka ki atribye a. Yo pral deplase aplikasyon an nan yon estati “retire”.

Asirans Kalite/Kontwòl Kalite

Asirans Kalite/Kontwòl Kalite (QA/QC) a pral fèt pa DSHA oswa pa yon lòt founisè ki sou kontra. Yo pral reyalize yon revizyon aleyatwa sou tout aplikasyon yo pandan chak peryòd pou asire ke y ap swiv politik ak pwosedi yo.

DEKLARASYON

DSHA pral respekte egzijans deklarasyon yo, pwosesis ak machaswiv ki etabli pa Trezò Etazini an.